

# HONDO INOITISA HONDO DZESE



Chidzidzo 1 cha Kubvumbi 6, 2024

Justine



**“Zino kurwa kwakava’po kuđenja;  
Mikaeri navatumja vake vakarwa  
neshato, shato ikarwa inavatumja  
vayo; vakasakunda, nenzimbo yavo  
hainakuzowanikwa kuđenja”**  
**(Zvakazarurwa 12:7, 8)**

Tinorarama takanyura mukukonana kukuru kwazvo. Kunyange kana isu tisingazivi, kana kuti tisingatendi kuti izvi zvinogoneka, kukonana uku ndekwechokwadi

Masimba anorwisana ndeomweya, asingaoneki kwatiri (VaEfe. 6:12). Zvisinei, tinogona kunzwa migumisiro yehondo. njodzi, unzenza, rufu...


Hurumende imene yaMwari yaiva munjodzi, kuvimbika kwengirozi nenyika dzisina kutadza. Nhasi kutendeka kwenyu neni kuri mungozi.



- ➡ **Mavambo ekukonana**
- ➡ **Kumukira Kudenga**
- ➡ **Kumukira paNyika**
- ➡ **Rudo rwunodzorera**
- ➡ **Kukonana zvino**

# MAVAMBO EKUKONANA

**"Wakanja wakakwana panzira dzako kubva pazuva rokusikwa kwako,  
kuşikira kusarurama kwakawanikwa mukati mako"** (Izikiyeri 28:15)



Idi rokuti, muldheni, makanga mune chisikwa chakafurira  
Evha kusavimba naMwari, rinoratidzira kupandukira Mwari  
kwakavako vanhu vasati vavapo.(Gen. 3:1).

Jesu akadana munhu uyu anokonzera kusavimbana  
naMwari nezvisikwa zvake kuti "muvengi," waakazivisa  
sadhiyabhorosi(Mt. 13:39).




Mubvunzo wekutanga watinofanira kuzvibvunza ndewekuti: Mwari akasika  
dhiyabhorosi here, kureva kuti Mwari akasika munhu akaipa here?



Bhaibheri rinoziudza kuti dhiyabhorosi ingirozi inonzi Rusifa (Isaya 14:12). Ngirozi iyi yakasikwa yakakwana uye yakanaka (Izi. 28:12 ). Iye akakwidziridzwa kunzvimbo yakakwirira zvikuru iyo ngirozi yaigona kushuva: kerubhi rinodzivirira(Izi. 28:13-14).

Kana Rusifa aive akakwana, akazova dhiyabhorosi sei? Ko hondo  
pakati paMwari naye yakatanga sei? Mwari akamupa, sezvisikwa  
zvake zvose, rusununguko rwokusarudza uye, nenzira  
isingatsananguriki, Rusifa akasarudza kupandukira, uye akashuva  
kugara pachigarо choumambo chaMwari(Izi. 28:15; Is. 14:13-14).



# KUMUKIRA KUDENGA

"Rumhinda rwayo rukakweva cetatu cenyeredzi dzokußenja,  
ndokudzikandira pasi panyika..." (Zvakazarurwa 12:4a)



Muchishuovo chake chokubvuta chigaro cheKudenga, Rusifa akamutsa kusava nechokwadi mungirozi pamusoro peruramisiro yehurumende youmwari. Handiti vaive vakasununguka vese here? Sei kuzviisa pasi pemitemo yakaoma uye, pamwe, isina kururama?  
Rusifa akava Satani, mupomeri ( Zva. 12:10; Jobho 1:6, 9-10 ). Akaramba kudanwa kwose kworudo rwaMwari kuti ashandure mafungiro ake.



Kumukira uku kwakazova kurwisana kuri pachena, hondo apo ngirozi imwe neimwe yaifanira kuita sarudzo yayo. 1/3 yengirozi yakatevera Satani, dzmwe dzose dzikaramba dzakatendeka kuna Mwari (Zva. 12:4a).



Iko zvino hondo iyi iri kuenderera mberi. Satani achiri kushanda. Anoedza kukwevera munhu wese kuti apandukire Mwari. Kune mativi maviri chete. Vaya vanoda kuteerera Mutemo waMwari, kana kuti vaya vanouramba. Sarudzo ndeyedu(Deut. 30:11, 16, 19; Josh. 24:15).

**“Mwari mukuru angadai akakanda munyengeri mukuru uyu pakarepo kubva kudenga; asi ichi chakanga chisiri chinangwa Chake. Aizopa vapanduki mukana wakaenzana wokuyera simba nesimba roMwanakomana Wake amene nengirozi Dzake dzakavimbika. Muhondo iyi ngirozi imwe neimwe yaizosarudza divi rayo uye zvichiratidzwa kune vese. [...] Kudai Mwari akanga ashandisa simba Rake kuranga mupanduki mukuru uyu, ngirozi dzisina kukanganiswa dzingadai dzisina kuratidzwa; nokudaro, Mwari akatora imwe nzira, nokuti Iye aizoratidzira nomutoo wakajeka kuuto rose rokudenga ruramisiro Yake nokutonga Kwake.” -Non Official Translation by Gift Mawoyo**

# KUMUKIRA PANYIKA

"Iye akati, 'Ndianiko wakakuudza kuti hauna-kusimira – Wadya kanhi muti wandakakuraira kuti urege kuudya?' " (Genesisi 3:11)

Mwari akasika ngirozi munzvimbo isina chivi, yakakwana.



Saizvozwovo, Mwari akasika vanhu vari mumhoteredzo yakakwana, isina chivi (Gen. 1:31).

Sezvakaitika kungirozi, Mwari akatisikawo tiine simba rekusrudza takasununguka. Saka, Adhamu naEvha vaigona kushandisa rusununguko irworwo, akavapa murayiro wakapfava: "asi muti wokuziuia Žakanaka nežakaipa usaudya" (Gen. 2:17).

Ndiyo chete nzvimbo yaigona kuita kuti Satani aite kuti vapokane. Nokunyengera, akazadzisa chinangwa chake. Adhamu naEvha vakasava nechokwadi naMwari, vakasamuteerera, uye vakabva patsime rounenyu (Gen. 3:6, 9-13, 19). Adhamu akazarura musuo wokuti chivi chipinde, uye nokudaro rufu rwakapfuirira kuvanhu vose (VaRoma 5:12).

Kubva ipapo, tiri kurarama munyika ine marwadzo, zvirwere uye rufu. Tose tiri kubhadharira chivi chaAdhamu here?


Mumwe nomumwe wedu anoripira zvivi zvake: "nokuti vose vakanadza, vakanasašika pakubginya kwaMjari" (VaRoma 3:23).



# RUDO RWUNDZORERA

“Rudo ruri pacinhu ici, kuti hatizisu takada Mjari, asi kuti ndiye wakatida, akatuma Mjanakomana wake kuti ave rudzikinuro rwezivi zedu” (1Johani 4:10)

Kunyange asati azivisa migumisiro yokusateerera, Mwari akaudza Adhamu naEvha kuti kwakanga kuine zano rokudzikinurwa kwavo.(Gen.3:15).




Vanhu vakanga vazviparadzanisa pachavo kubva kuMusiki. Asi panzvimbo pokusiya vana vake vasingaongi, Mwari akaratidzira chimiro chake chechokwadi kubudikidza nokuvada zvisingadaviriki(Johani 3:16).

Rufu rwaisafanira kuva mugumo usingagumi womutadzi. Jesu akaratidza rudo rwake nekubhadhara mutengo wechivi neupenyu hwake (VaRo. 5:8).



Hapana chiru matiri chinoita kuti tikodzere kudiwa naMwari. Zvisinei, nedonhwe rose reropa rakadeurwa naJesu paKarivhari, Mwari anotiudza, kuti: “Ndinokuda.”



# RUDO RWUNDZORERA

"Rudo ruri pacinhu ici, kuti hatizisu takada Mjari, asi kuti ndiyē wakatida, akatuma Mjanakomana wake kuti ave rudzikinuro rwezivi zedu" (1Johani 4:10)

Jesu akatiratidza sei rudo Rwake?



Jesu akasika zvinhu  
zvose zviripo(Jn. 1:3)



Akava chisikwa  
(Johani 1:14)




Akapfuura nemumatambudziko,  
kutambura, nzara nemarwadzo,  
sesu(Is. 53:3; Marko 11:12)




Akaedzwa  
sesu(VaHeb. 4:15)



Zvaakanga akarurama,  
akatambura nokuzvidira nokuda  
kwezvivi zvedu(1 Pet. 3:18; Johani  
10:17-18)



Nokufa uye kutimutsa,  
akativimbisa nezvoupenyu  
husingaperi tiri pamwe  
chete naye(VaRoma 6:3-4)



Uye zvese izvi zvaive  
zverudo(1Jn. 4:10)

# KUKONANA ZVINO

**"Naizozo unesimba rokuponesa kwazo-kwazo avo vanoswedera kunaMjari naye,  
zaenorarama nokusingaperi kuti avareverere."** (VaHebhuru 7:25)

Iko zvino, Jesu ari kutireverera muSenjuwari yeKudenga(VaHeb. 9:24; 7:25).

Nekuda kweropa rake rakadeurwa pamuchinjikwa, Jesu anotiisa pamberi paBaba - uye pamberi pevagari vese veKudenga neNyika - sevanhu vakarurama, vakakwana, vanokodzera kugara munzvimbo Kudenga.

Naizvozvo, tinokokwa kuti tisvike kuna Mwari nechivimbo kuburikidza naJesu(VaHeb. 4:15-16).



Jesu anoda kuti tivimbe naye pane zvose zvatinoda muupenyu hwedu (Joh. 14:13-14). Pane kutya, anouyisa rugare; pane mhosva, anokanganwira; pane utera, ndipo paanopa simba.

Chishuwo chikuru chajesu ndecekugara nesu nokusingaperi (Joh. 17:24).  
Chishuwo chako chikuru here ichi?



**“Kana miyedzo ichikurova, kana hanya, kuvhiringika,  
uye rima zvichiita kunge zvakakomberedza mweya  
wako, tarisa kunzvimbo yawakapedzisira kuona  
chiedza. Zorora murudo rwaKristu uye pasi  
pekuchengetedza kwake. Kana chivi chichirwira  
kutonga mukati memoyo, apo mhosva inodzvanyirira  
mweya ichiremedza hana, apo kusatenda  
kwafukidzira pfungwa, rangarira kuti nyasha  
dzaKristu dzakakwana kukurira chivi nekudzinga  
rima. Tichipinda mukuyanana neMuponesi,  
tinopinda munharaunda yerunyararo.”-Non Official  
Translation by Gift Mawoyo**